

## SI NOU KWENSE ANBA DEBRI:

Nou dwe kouvri bouch nou ak yon mouchwa oubyen yon moso twal.

Frape sou yon tiyo ou sou yon mi pou ke sekouris yo kapab lokalize nou. Nou dwe itilize yon siflè si nou genyen yonn. Nou dwe evite ap rele, sèlman nou ka rele kòm yon dènye rekou, sa kapab mete nou nan yon gwo danje si nou respire yon gran kantite pousyè.

Nou dwe travay ak fanmiy nou pou nou devlope ansanm yon plan famiyal pouke tout timoun yo ak granmoun yo konnen sa yo gen pou yo fè.

N'ap itilize yon lis de kontwòl pou nou asire nou ke twous de sirvi nan yon ka de katastwòf ap byen prepare.

# Kan tè a kòmanse ap tranble

[www.weready.org](http://www.weready.org)

KOUCHE A TÈ A,  
METE KÒ'W YON KOTE KI AN SEKIRITE & KENBE FÈM

### TWOUS DE SIRVI

- Yon galon dlo nan boutèy ki komèsyalize pou chak moun chak jou.
- Ji ki konsève nan bwat ou nan boutèy plastik.
- Manje ki nan konsèrv tankou vyand, pwason, fri e legim.
- Manje sèk tankou pen, bonbon e biswit.
- Manje e preparasyon pou bebe yo.
- Asyèt lè nou fin itilize nou kapab jete, tas, bagay n'ap bezwen e sak pou jete fatra.
- Bagay n'ap bezwen pou kwizin e kabiran.
- Dokiman asiran, dokiman medikal yo e tout pyès idantifikasyon nou kapab mete nan yon sak ke tout dokiman sa yo p'ap mouye.
- Yon twous de premye swen ak moustikè.
- Prèskripsyon medikal ak aprovizyonman omwen pou yon semèn.
- Manje e swen pou bebe tankou kouch e latriye.
- Atik espesyal pou moun ki aje e andikape nan fanmiy nan.
- Flach ak lòt batri nèt.
- Radyo ki sèvi ak batri e yon òrloj pou nou kapab swiv lè.
- Louvri-bwat manyèl.
- Anpil alimèt nan yon resipyan ki p'ap pran dlo.
- Bagay pou na ka pirifye dlo ou dlo de Javèl.
- Yon gran twal an plastik e riban adezif.
- Bagay twalèt e ijyèn pèsònèl k'ap genyen bagay pou fiy tou.
- Papyè twalèt, sèrvyèt mouye e savon.
- Ekstenktè pou tenyen dife.
- Bòt, rad e linèt.
- Zorye, kouvèrtu e sak pou dòmi.
- Yon ti kantite lajan.
- Bagay de swen pou animal domèstik yo, manje, dlo, kòman n'ap transpòte animal domèstik yo, medikaman, mizo e lès.



**ETAP 1** KOUCHE ANBA YON KABANN, SOU YON TAB OUBYEN ANBA YON BIWO

**ETAP 2** NOU DWE PWOTEJE TÈT NOU OUBYEN PWATRIN'NOU

**ETAP 3** NOU DWE KENBE MÈB KI P'AP DEPLASE OUBYEN METE DO NOU KONT YON MI

# Kan tè a kòmansè ap tranble

## ANVAN

- Nou dwe redwi tout menas danje anndan kay nou pandan n'ap atache tout bagay ki enstab ak solidite e pandan n'ap plase tout bagay ki gwo e lou nan yon etaj ki pi ba.
- Nou dwe fè apèl a yon pwofesyonèl pou repare tout kab elektrik ki kase, tout kondwi gaz yo e enstale tout koneksyon ki kapab fleksib.
- Nou dwe konnen kote e kòman pou nou koupe dlo ki antre lakay nou, kòman pou nou debranche elektrisite e gaz ki antre lakay nou tou.
- Nou dwe retire tout obstak kin an soti lib lakay nou yo e idantifye tout pwen fò e zòn ki riske nan chak chanm ki lakay nou.



- Tout moun nan fanmi nan dwe konnen tout nosyon preliminè yo sou sekouris.
- Nou dwe gade dokiman enpòtan yo nan konnenè ignifije ki etanch tou e nou dwe asire nou ke twous pou reziste a dwe stoke e prè.
- Nou dwe idantifye yon moun ke nou ka konte sou li pou li kapab pase pran timoun nou yo lekòl an ka nou pa kapab al chèche yo nan sityasyon ijans lan.
- Nou dwe chwazi e memorize 2 pwen de rankont. Premye a ap twouve'l deyò kay la e lòt la, deyò nan vwazinaj.
- Nou dwe genyen anpil seyans ekzès de sekirite anndan kay nou kote ke tout moun ap konnen kòman pou yo "Kouche a tè, Mete yo yon kote ki an sekirite e Kenbe fèm". E kòman pou yo evakye tèt yo an tout sekirite.

## PANDAN

- Nou pa dwe ale kouri soti, lòt moun ka gen menm entansyon an e anpil moun ka pase anba pye. Si tout fwa, nou dwe kite kote nou ye a, pa itilize asansè yo, itilize èskalye.
- Nou dwe pwoteje tèt nou e vizaj nou.
- Nou dwe mete nou an sekirite sou yon biwo solid, sou yon tab, sou yon ban oubyen sou yon kabann. Si nou te kouche, kenbe di e pwoteje tèt nou ak yon zorye.
- Oubyen nou dwe deplase kote ki gen yon mi, mete nou a jenou ak do nou kont yon mi, plase tèt nou prè jenou nou, sere men nou deyò kò nou.
- Oubyen rasanble tout fòs nou pandan n'ap kanpe nan antre pòt la, pa janm mete nou a labri pandan n'ap kanpe deyò pòt la.
- Nou dwe elwanye nou de mi ki andeyò kay nou, fenèt, pòt an vè, miwa lou, foto ki sispann e bagay lou.



- Nou pa dwe rete nan kwizin, nou dwe fèmen vit fou a e abrite nou nan premye siy tranbleman an.
- Si nou twouve nou deyò nan moman tranbleman de tè a, nou dwe elwanye nou lwen batiman yo, pyebwa yo, lanpadè yo e fil elektrik yo.

## APRE

- Nou pa dwe ale kouri soti, lòt moun ka gen menm entansyon an e anpil moun ka pase anba pye. Si tout fwa, nou dwe kite kote nou ye a, pa itilize asansè yo, itilize èskalye.
- Si nou twouve nou deyò nan moman tranbleman de tè a, nou dwe elwanye nou lwen batiman yo, pyebwa yo, lanpadè yo e fil elektrik yo.



- Nou dwe pwoteje tèt nou e vizaj nou.
- Nou dwe mete nou an sekirite sou yon biwo solid, sou yon tab, sou yon ban oubyen sou yon kabann. Si nou te kouche, kenbe di e pwoteje tèt nou ak yon zorye.
- Oubyen nou dwe deplase kote ki gen yon mi, mete nou a jenou ak do nou kont yon mi, plase tèt nou prè jenou nou, sere men nou deyò kò nou.
- Oubyen rasanble tout fòs nou pandan n'ap kanpe nan antre pòt la, pa janm mete nou a labri pandan n'ap kanpe deyò pòt la.
- Nou dwe elwanye nou de mi ki andeyò kay nou, fenèt, pòt an vè, miwa lou, foto ki sispann e bagay lou.
- Nou pa dwe rete nan kwizin, nou dwe fèmen vit fou a e abrite nou nan premye siy tranbleman an.

**PARAN** : Pa telefone lekòl timoun nou yo. Yo kapab toua p eseye antre an kontak ak nou tou oubyen sèvis entèvansyon ijans yo.